УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№26 (13986)

2025 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и Щыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м хуэкIуэу



# ЩIыхьыщIэхэмкIэ, нагъыщэхэмкIэ...

Хэку зауэшхуэм и ветераниплIым «Почетный житель Карачаево-Черкесской Республики» щIыхьыцIэ лъагэхэр, бгъэхэIухэр хуагъэфэщащ. Ахэр: Зорин Виталий Гаврилович, Нарожная Наталье Федоровнэ, Смородин Федор Владимирович, Ермаков Владимир Илларионович сымэщ. Апхуэдэ унафэм Iэпэ щIидзащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

Зорин Виталий Гаврилович и щIыхь нагъыщэр ветераным IэщIэзылъхьар Темрезов Рэшидщ. «Почетный житель Карачаево-Черкесской Республики» щIыхьыцIэм къыдэкIуэу, ветераным хуигъэфэщащ «80 лет Победы в Великой Отечественной войне 1941–1945 годов» юбилей медалри.

Нарожная Наталье Федоровнэ иджыкIэ зыщыпсэур Краснодар крайращ икIи абы хуеблэгъащ КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хубиев Марат икIи ветераным и щIыхь нагъыщэхэр IэщIилъхьэжащ.

Смородин Федор Владимирович щагъэлъэпIащ Усть-Жэгуэтэ районым. Ветераным хуеблэгъащ КъЧР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр Хачиров Кемалрэ район администрацэм и Iэтащхьэ Лайпанов Муратрэ. Ветераным хуагъэфэщащ «Почетный житель Усть-Джегутинского района» щIыхьыцIэ лъагэр.

КъыкIэлъыкIуэ ветераныр — Ермаков Владимир Илларионович «Почетный житель Карачаево-Черкесской Республики» щIыхьыцIэр, абы хуэфащэ нагъыщэр щыIэщIалъхьащ Зеленчук районым. Абы и Iэтащхьэ пщэрылъхэр зыгъэзащIэ Брыкинэ Маринэрэ Исправнэ къуажэ администрацэм и унафэщI Березовский Александррэ фIыщIэ псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ пщIэшхуэ зиIэ ветераным, икIи и цIэр ираIуащ «Почетный гражданин Зеленчукского района» щIыхьыцIэмкIэ.

Ветерану хъуам хуагъэфэщащ «Почетный житель Карачаево-Черкесской Республики» щIыхь бгъэхэIур икIи хэгъуэгум къыбгъэдэкIыу зэ тыгъуэу сом мин 300 иратащ. Гу зылъытапхъэщи, муниципальнэ щIыхьыцIэхэмкIэ къыхагъэщынущ Хэку зауэшхуэм и ветерану хъуар.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

ДауэдапщэхэрКъЧР-м

# МахуэщIыр гъэлъэпIэным

Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 мы гъэм зэрырикъум теухуауэ Къэрэшей-Черкесым щызэхэтыну махуэщI дауэдапщэхэр къызэгъэпэщынымкIэ комитетым хэтхэм яIущIащ хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

«Шэчыншэу, УрысеймкIи Къэрэшей-ЧеркесымкIи мы гъэм и нэхъ къэхъугъэ нэхъыщхьэу щытыр ТекIуэныгъэм и юбилей махуэщIращ. Ди къару зэхэтлъхьэу дыубзыхун хуейщ абы пыщIауэ щытыну лэжьыгъэхэр. псом япэрауэ. ди Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхигъэщащи, махуэщI дауэдапщэхэм гупсысэфIхэмкIэ гъэнщIа купщIэ яттк1эрэ. — щитхащ и телеграм-каналым КъЧР-м и Iэтащхьэм.

Нэхъыщхьэщ зауэм хэта ди ветеранхэм гулъытэ нэс а махуэм яIэныр. Темрезов Рэшид зэIущIэм хэтахэм я пщэ ирилъхьащ къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я ветеран къэс. щхьэж зыхуэныкъуэм елъытауэ, япыкъуэкIыну, яхуэгузэвэну. Правительствэм хэтхэм янэIэ щIагъэувэнуи ялъэIуащ ди нэхъыжьыфIхэм социальнэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр къыхузэрагъэпэщыну.

КъинэмыщIауэ, мэлыжьыхьым и 8-м нэгъунэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм. балигъыпIэм нэмысауэ концлагерхэм исахэм хэгъуэгу ахъшэм щыщу дэтхэнэми сом мин 300 зэ тыгъуэу иратынущ, тылым и лэжьакIуэхэмрэ зауэм фызабэу къигъэнахэмрэ сом минипщIкIэ зыщIагъэкъуэнущ.

Гулъытэншэу къагъэнакъым Хэку зауэшхуэм теухуауэ республикэм ит фэеплъ щIыпIэхэри. ЗыкIэлъыплъыжыпхъэу, зэгъэзэхуэжыпхъэу абыхэм яхэтыр мэлыжьыхьым и 20-м фIамыгъэкIыу зэтрагъэпсыхьынущ.

«Мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэныкъуэщ щIалэгъуалэр хэкупсэу дгъэсэныр. Догугъу а Iуэхум зэгъэуIуауэ дыбгъэдыхьэным, щIэблэр абыкIэ къыдэтшэхын, къыдэтхьэхын папщIэ. Зауэ-хэкупсагъэм епхауэ дауэдапщи 100 едгъэкIуэкIыну дгъэнэIуащ.

А псоми, Iэмал зэриIэкIэ, Хэкур хъумэнымкIэ щIэблэхэм зэIэпах хабзэфIхэр къыхалъытэну салъэIуащ си лэжьэгъухэм: урысей къулыкъущIэхэм, зауэ операцэ хэхам хэту зи къулыкъу щезыхьэкI ди хэкуэгъухэм нэгъэсауэ къатепсэлъыхьыну.

Куэд елъытащ Къэрэшей-Черкесым щыпсэу дэтхэнэри а махуэщI дауэдапщэхэм къыхыхьэным, юбилей лъапIэр гурэ псэкIэ зыхащIэу, я Хэкум и блэкIа хьэлъэмрэ и нобэмрэ хэти зэрепхар къыгурыIуэну дыхуейщ. Зы Iуэхугъуи Iэхъуэгъуэтегъэ-кIыу едгъэкIуэкI хъунукъым. Ахэр псори щытыпхъэщ гу хуабагъкIэ, хэкупсагъэкIэ, ди Хэку уардэм и хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIэзэуахэм яхудиIэ гушхуэныгъэмкIэ гъэнщIауэ», — щIигъужащ республикэм и Iэтащхьэм.

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**

ЗэIущIэ

**КъЧР-м и Iэташхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ Росгвардием и Управленэу республикэм щыIэм и унафэщI, полицэм и полковник Яковлев Руслан. «Япэрауэ, Руслан Игоревичи, Росгвардием и лэжьакIуэхэми, и ветеранхэми я IэщIагъэ махуэщIымкIэ сайхъуэхъуащ. Дэ пакIэхэм хэту къулыкъу щызыщIэ дэтхэнэми къыхуагъэув къалэнхэр нэгъэсауэ, лIыгъэ хэлъу егъэзащIэ», — щитхащ и телеграм-каналым Темрезов Рэшид.**

# Лэжьыгъэ IуэхукIэ

ЗэIущIэм къыщаIэта упщIэхэр хуэгъэзауэ щытащ республикэм и къэрал унафэщI къулыкъухэмрэ Росгвардием и щIыпIэ къудамэхэмрэ ди хэкуэгъухэм я хабзэ зэхэтыкIэмрэ я шынагъуэншагъэмрэ къызэрагъэпэщыну къазэрытехуэм.

Хэгъуэгум махуэщI дауэдапщэхэр куэду щрагъэкIуэкIым деж, къэрал, щIыпIэ самоуправленэ къулыкъухэм, нэгъуэщI къудамэ зэхуэмыдэхэм Росгвардиер ядэлэжьэн зэрыхуейм гулъытэ хэха хуащIащ.

Къэрэшей-Черкесым дежи, абы адэжкIи зауэ къулыкъур щехьэкIыгъуафIэу ягъэпсын, Росгвардием и Управленэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ Iэмал щхьэхуэхэр къырахьэжьэн папщIэ, Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIахыну яубзыхуащ.

Управленэм щылажьэхэм хэгъуэгум къалэну щагъэзащIэм къинэмыщIауэ, ахэр мы зэманым щоплъыр Урысейм къыгухьэжа щIыналъэхэм, псом хуэмыдэу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтыныр, мыхьэнэшхуэ зиIэ дауэдапщэхэр щекIуэкIкIэ къэрал IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ щытыкIэм зыри зэран къахуэмыгъэхъуныр япэ здрагъэщ щIыналъэхэм.

Республикэм и къэрал унафэщI къулыкъухэми, муниципальнэ къэхъугъэхэм щылажьэхэми дяпэкIи къалъытэнущ ди хэкуэгъухэм ядэIэпыкъуныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу, абыхэм я нэIэ трагъэтынущ Росгвардием и лэжьакIуэхэми, зауэ операцэ хэхар здекIуэкI щIыпIэхэм зи къулыкъу щезыхьэкIхэми.



ЩIэплъыкIыныгъэхэр

# Черкесск къыпэщылъ Iуэхухэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид IуэхукIэ IущIащ Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, мы гъэм Черкесск егъэлъапIэ и илъэс 200-р. Муниципалитетым и Iэтащхьэр къытеувыIащ къалэм къыпэщылъ лэжьыгъэм и кIуэрабгъу нэхъыщхьэхэм.

Псом япэрауэ, ар зэхьэлIар къалэм и архитектурэ теплъэмрэ и санитар щытыкIэмрэ егъэфIэкIуэнращ. ШыщхьэIум (августым) и кIэ нэгъунэ зэлъэщIагъыхьэнущ къалэ гъуэгухэр, лъэс зекIуапIэхэр, унэ пщIантIэхэмрэ жылагъуэ щIыналъэхэмрэ зэгъэзэхуэжыныр, зэтегъэпсыхьыжыныр.

Накъыгъэм и 1-м ехъулIэу яухынущ къалэм щхъуантIагъэхэр щыхэсэным и япэ къекIуэкIыгъуэр, илъэсым и кIэ нэгъунэ ягъэтIысынущ жыг лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэу 200.

Хабзэ зэрыхъуауэ, юбилей илъэсым къызэIуахыжынущ социальнэ мыхьэнэ зиIэ псэуалъэ къэгъэщIэрэщIахэр.

➦2

СВО — контракт къулыкъу



**ВЬЮГИН Сергей — контракткIэ дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр къыздыхах пунктым и инструктор нэхъыжьщ:**

# Хэкур къыщоджэкIэ

— Сэ мы зэманым сыщолажьэ Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм контракткIэ къулыкъу хуэзыщIэну тезубыдахэр къыздыхах, здагъэхьэзыр военнэ IуэхущIапIэу Черкесск къалэм дэтым. Контракт тхылъым Iэпэ щIэдзыным ипэ къихуэ Iуэхугъуэхэр къызэнэкIынымкIэ пунктым къекIуалIэхэм садэIэпыкъуну си пщэ илъщ.

2010 гъэм сэри къулыкъу щысщIащ дзэм. 2022 гъэм и мазае мазэми сыщыIащ зауэ операцэ хэхар здызэхаубла щIыпIэхэм. Абы ипэкIэ Ставрополь къалэм си къулыкъур щесхьэкIыу, дзэ пакIэм сыхэту, Херсон лъэныкъуэм сихьащ. Абдеж я гугъуагъкIэ зэщхьэщыкI къалэнхэр къыщытхуащI къэхъут, уеблэмэ гужьеигъуи, шынагъуи дыхэхуэу. Ауэ, хэкупсагъэрэ псэ къаруuэ тхэлъым дыкъигъэлэнджакъым.

Мэлыжьыхь мазэращ япэу уIэгъэ сыщащIар. УIэгъэщ зыбжанэм сыщIэлъащ си лъэ сытеувэжыху. Сызэрыхъужу фронтым сыIухьэжати, зытIэкIу текIри сагъэкIуащ си узыншагъэм и щытыкIэм дохутырхэр кIэлъызгъэплъыну икIи ткIийуэ къызжаIащ зэуапIэм сихьэж мыхъуну, «А» категориери страхыжри «В» къызатащ.

Иужьым, Черкесск къалэм контракткIэ къулыкъу зыщIэнухэр къыздыхах пунктым инструктор нэхъыжьу сыщылэжьэну сыкъагъэкIуа хъуащ сызыхэт дзэ пакIэм и унафэщIым и чэнджэщкIэ. Къэрэшей-Черкесым и къалащхьэм си унагъуэкIэ сыкъэкуэшыжауэ, бынитIи къысщIэхъуэжауэ сыщопсэу.

Сэ солъагъу, республикэм ит военкоматхэм къулыкъум дэкIыну хуейуэ цIыху куэд зэрекIуалIэр. Хэти хуейщ зауэ-хыдзэм кIуэну, хэти мэхъуапсэ лъэсыдзэм хыхьэну. ГъэщIэгъуэнращи, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм контракт зэгурыIуэныгъэр дэзыщIхэм яхэтщ къэрал къулыкъухэм къабгъэдэкIахэри: МВД-м, хьэкум приставхэм, ФСИН-м я лэжьакIуэхэр.

Дауэ щымытми, къулыкъум и нэхъыбэм дэкI хабзэщ Хэкум и къэкIуэнур зэрыхъунум тегузэвыхь къызэрыкIуэ щIалэхэр. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэтхэнэ цIыхухъуми IэщэкIэ Уэзда Къарухэм хэтыныр къалэн пажэу къыхуэувхэм ящыщщ — атIэ, уи Хэку къыщоджэкIэ, къулыкъу хуэпщIэу уи щIыхуэр зытебгъэкIыжын хуейщ. Мы къэралращ псори дыкъыздэхъуар икIи дыздапIар. Мыбы лъэпкъыу исыр, хэгъуэгуу щыIэр къэралым и хъумакIуэщ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Социальнэ фондым

**Мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ, КъЧР-м и Социальнэ фондым социальнэ пенсэхэр процент 14,75-кIэ индексацэ ищIащ.**

# Пенсэ хэхъуэм ехьэлIауэ

ДгъэнэIуэну дыхуейщ: мы индексацэр пенсэ лIэужьыгъуэ псоми, куэдым къазэрыщыхъум хуэдэу, яхьэлIакъым. АтIэ, индексацэ зрагъэгъуэтар «пенсия по государственному обеспечению» жыхуиIэращ. Социальнэ пенсэри щIыгъуу.

— Къэрэшей-Черкес Республикэм деж мы индексацэр ялъэIэсащ хэгъуэгум щыпсэу, къэрал обеспеченэкIэ дызэджэ пенсэ лIэужьыгъуэр къэзыхь нэрыбгэ мин 17-м. Абы щыщу мин 16,2-м социальнэ пенсэ къахь, — игъэнэIуащ КъЧР-м и Социальнэ фондым и унафэщI Уэз Аслъэн.

Къэрал обеспеченэкIэ пенсэ къыщIэзыххэр:

*Хэку зауэшхуэм хэтахэр;

* «Жителю блокадного Ленинграда» нагъыщэр зыхуагъэфэщахэр;

* «Житель осажденного Севастополя» бгъэхэIу зезыхьэхэр;

*ираджауэ къулыкъу езыхьэкIа зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэм щыщхэмрэ;

*радиацэ къэуэныгъэхэм, техногеннэ къэхъукъащIэхэм я зэран зэкIахэр, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр;

*нэгъуэщI гупхэм хиубыдэхэри.

Журналистхэм япсалъэкIэрэ, Уэз Аслъэн къызэрыхигъэщащи, пенсэм индексацэ хуащIыныр автоматическэу зэфIагъэкIащ, цIыхухэм Социальнэ фондым зыхуагъэзэн, лъэIу тхылъ ирахьэлIэн хуейуэ щыткъым. ЖыхуэтIа пенсэ лIэужьыгъуэхэм хэхъуэ ягъэгъуэтагъэххэщ икIи мы гъэм мэлыжьыхьым и 3-м щегъэжьауэ цIыхухэм яIэрохьэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм, щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, пенсионер лажьэхэми мылажьэхэми я страховой пенсэхэм проценти 9,5-кIэ хэхъуэ ирагъэгъуэтащ.

УпщIэ фиIэмэ, захуэвгъазэ хъунущ КъЧР-м и Социальнэ фондым и IэщIагъэлIхэм. Зыуэ щыт контакт-купсэ (ЕКЦ): **8 (800) 100-00-01**. ЗэпыщIэныгъэр пщIэншэщ. Хэгъуэгу ЕКЦ-м и операторхэр блыщхьэ-мэрем махуэхэм, сыхьэтыр 8-м щегъэжьауэ 17-м нэгъунэ фи упщIэхэмкIэ жэуапэгъу къыфхуэхъуну хьэзырщ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Социальнэ гъащIэ

# Транспортыр къагъэщIэрэщIэж

Къэрэшей-Черкесым и муниципальнэ жылагъуэ транспортыр 2030 гъэм нэгъунэ процент 85-кIэ къагъэщIэрэщIэжынущ.

Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, я мурадщ зэрахъуэкIыну цIыху нэхъыбэ къезышэкI жылагъуэ транспортым и процент 95-р.

ЖыпIэнурамэ, апхуэдэ лэжьыгъэр егъэкIуэкIын зэрыхуеймкIэ упщIэр КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ Урысей Федерацэм транспортымкIэ и министр Старовойт Романрэ 2024 гъэм и щэкIуэгъуэ (ноябрь) мазэм къаIэтауэ щытащ.

2022 - 2024 гъэхэм республикэм щхьэкIэ зыIэрагъэхьащ автобус 46-рэ.

2030 гъэм икIэм нэгъунэ хэгъуэгум къыIэрыхьэнущ иджыри автобуси 107-рэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

**Мазэ псом къриубыдэу ди хэгъуэгум щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я махуэщI къызэрымыкIуэхэр щекIуэкIащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, РЦНК-м и унафэм щIэту, республикэм и къалэ, муниципальнэ районхэм и щэнхабзэ къудамэхэм я лэжьыгъэм и къэпщытэжыныгъэу концерт-зэпеуэхэр къызэрагъэпэщащ.**

**Абы ипкъ иту, зыгъэлъэгъуэныгъэхэм я чэзур къылъысащ Хьэбэз районым и щэнхабзэ къудамэми.**

# Дэ — ТекIуэныгъэм дрищIэблэщ!









ТекIуэныгъэм и илъэс 80-м траухуа, «Дэ — ТекIуэныгъэм дрищIэблэщ!» зыфIаща концертым ухишэу, щэнхабзэмкIэ Унэм и фойем къыщызэрагъэпэщащ Хьэбэз къуажэм дэт, сабийхэм я творческэ Купсэм я IэрыщIхэр, район библиотекэм я тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр. Мыбдежми къыщагъэлъэгъуащ Хьэбэз районым щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэр зытет банерышхуэри.

Концертыр зытраухуам хьэщIэхэр хашэу, фойем макъамэ екIупс къыщIэIукIт. АтIэ, хэт зэхиха адыгэ лъэпкъ IэмэпсымэхэмкIэ «Катюша» макъамэ цIэрыIуэр ягъэзащIэу? Ар телъыджэу кърагъэкIащ «Вагъуэбэ» ансамблым. Уэрэдым и къеуэкIэми, сабийхэм я зыIыгъыкIэ екIуми удрагъэхьэхт, плъагъунум уи гур нэхъри хуигъэпабгъэт.

Концерт пэшышхуэм къекIуэлIахэр темыпыIэу пэплъэт сценэм къыщыхъуну теплъэгъуэхэм. Асыхьэтми утыкум кърахьа гъащIэ къэхъукъащIэм и зы Iыхьэ дыхъуащ…

Нанэм и къуэрылъху цIыкIур йолъэIу зауэ лъэхъэнэм и дадэмрэ езымрэ я къекIуэкIыкIар къыжригъэIэжыну… дапхуэдизрэ абы ар зэхимыхами, сабийм фIэщIэщыгъуэщ, фIэтелъыджэщ а тхыдэ хъыбарыр…

Нанэм и псалъэхэр ешэщIри, дыхешэж хъыбар жыжьэм, илъэс 80-кIэ узэIэбэкIыжмэ къэхъуа гъащIэ тхыдэм, зауэр щыщIидза лъэхъэнэм…

Мамыр гъащIэм гуфIэу, зэрыдунейуэ езым яйуэ мэпсэу, фIылъагъуныгъэ зэхуэзыщIа ныбжьыщIитIыр — Русланрэ Лизэрэ. КъэхъукъащIэ псори къокIэрэхъуэкI абыхэм я гъащIэм ихъуреягъкIэ.

Хэку зауэшхуэр щIедзэ… ныбжьыщIитIыр зауэм зэкIэреч. Сценэм къытоIукI «Священная война» макъамэ цIэрыIуэр. Туаршы Амиррэ цIыхубэ уэрэдхэмкIэ *«Черкесия»* ансаблымрэ ягъэзащIэ къэралыр фашистыдзэм пэувынымкIэ къызэщIэзыIэта уэрэд гъуэзэджэр.

Лизэ медсестрауэ фронтым Iутщ, Руслан зауэлI хахуэу ТекIуэныгъэр къэзыгъэгъунэгъухэм яхэтщ, махуи-жэщи фIыуэ илъэгъуа пщащэ цIыкIум и тхыгъэхэр, и сурэтыр имыутIыпщу, ар и плъапIэу зауэ илъэсхэр ирехьэкI. Лизи йожьэ… йожьэ и сэлэтым.

Бзылъхугъэ ныбжьыщIэ Лизэ и ролыр зыгъэзащIэ *Тэмазэ Даянэ* «Жди меня» уэрэдыр гум хыхьэу егъэзащIэ.

АдэкIэ зауэр йокIуэкI, гъащIэри щIыгъуу…

«В землянке» уэрэдыр утыку кърахьэ *Даурхэ Аннэрэ Фатимэрэ.*

«Нас извлекут из-под обломков» уэрэдыр къызэрымыкIуэу егъэзащIэ *ТхьэкIумашэ Расул.*

*КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Жумай Алий и нэIэ щIэт, лъэпкъ IэмэпсымэхэмкIэ «Редадэ» оркестрым* «Огонёк», «Лизавета» композицэхэр ягъэзэщIащ.

*Руслан и ролыр зыгъэзэщIа, зауэлI – Адэмокъуэ Ахьмэд* «Лизавета» уэрэдыр щыжиIэм, залым щIэсхэм Iэгуауэу хуаIэтам, абы зэрыдежьууам уи гур къызэфIигъанэт, ар апхуэдизымкIэ гум хыхьэти.

«МахуэщI къафэр» къызэдащIащ концертым и сюжетыр зыгъэбжьыфIа лъэпкъ къафэхэмкIэ цIыхубэ ансамблхэм: *«Ашэмэз» (художественнэ унафэщIыр КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Уэзрокъуэ Зурабщ, балетмейстерхэр – Адэмокъуэ Ахьмэд, Борсэ Белэ, Хьэбэз РДК ); лъэпкъ къафэхэмкIэ «Синд» ансамблым (художественнэ унафэщIыр КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мысрокъуэ Заурбэчщ, Хьэбэз РДК), «Сэтэней» лъэпкъ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэкIэ къэфакIуэ гупым (худ. унафэщIыр - ЛIымаху Аликщ, Али-Бэрдыкъуэ СДК), лъэпкъ къафэхэмкIэ ансамбль «Iэдииху» (худ. унафэщIыр, балетмейстерыр Туаршы Амирщ, Хьэбэз РДК); лъэпкъ цIыхубэ фольклор къэфакIуэ «Пшэплъ» гупым (худ. унафэщIыр Къэзэнокъуэ Лолэщ, балетмейстерыр Гъуэзджэш Динарэщ, Зеикъуэ СДК); лъэпкъ къафэхэмкIэ «Нэмыс» ансамблым (худ. унафэщIыр, балетмейстерыр Адэмокъуэ Ахьмэдщ, Куэш-Хьэблэ СДК);* лъэпкъ къафэхэмкIэ *«Юность Кавказа» ансамблым (художественнэ унафэщIыр, балетмейстерыр Хьэмыкъуэ Азэмэтщ, Малэ Зеленчук СДК).*

*«Шагъдий» вокалист гупым и уэрэджыIэ Хутэ Руслан* «Мой бой» уэрэдыр жиIащ.

Сюжетым и кIэр къэгъунэгъуащ. Русланрэ Лизэрэ куэд щIауэ зыпэплъэ ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэри къэблэгъащ. Зауэми, лъыми, узми къыхэкIа ныбжьыщIэхэр унагъуэ хъуащ. Илъэс 80 текIыжа нэужь, зи щхьэр къэзыIэтыжа фашизмэм иджы пэщIэуващ абыхэм я щIалэр, текIуэныгъэшхуэр къэзылъэщахэм я щIэблэр.

Утыкум къихьащ нобэ СВО-м хэт, зауэлI Щокъарэ Асчэр. Ар 2022 гъэм и февраль мазэм щыщIэдзауэ хахуагъэрэ лIыгъэрэ зэрихьэу Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам хэтщ. ТекIуэныгъэшхуэм щIэзэуахэм къащIэхъуа щIэблэм и пыщакIуэщ Асчэр…

«День Победы» уэрэдыр зэдыжаIэжащ сценэм къытеувэжа артистхэм, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм, уэрэджыIэхэм — районым и творческэ «элитэкIэ» уеджэну зыхуэфащэхэм.

ТекIуэныгъэшхуэм и телъыджагъымрэ и къарумрэ я макъ лъэщымкIэ нэхъри яIэту Туаршы Амир, Даурхэ Аннэрэ Фатимэрэ, ТхьэкIумашэ Руслан сымэ ирашэжьа уэрэдым дежьууащ залым щIэсахэр.

Япэ рядхэм щысу концертым еплъащ СВО-м и ветеранхэу Гусхэ Замиррэ Бешто Арсенрэ. ЩIалэхэм концертыр хуабжьу ягу зэрырихьар, лъэхъэнэхэр зэрызэрапхыу, нобэрей зэманым зэрыхуашар, хэкупсагъэу щIэблэр къэгъэтэджыным хуигъэпабгъэу гъэлъэгъуэныгъэр дахэрэекIуу зэрекIуэкIар къыхагъэщащ. ФIыщIэ хуащIащ ар зыгъэхьэзырахэм, зи гуащIэ езыхьэлIахэм.



КъЧР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щэнхабзэмкIэ Унэм и гуащэ Даур Аннэ къызэрыддэгуэшамкIэ, утыку кърахьа сценарием куэд щIауэ и гум щигъафIэт. Абы и зэман, утыку къыщихьэну пIалъэу зэжьэри ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м техуэу арагъэнт. Ар къызэрымыкIуэ театр гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэ ящыхъуащ къеблэгъахэми, къэпщытакIуэ комиссми.

Аннэ фIыщIэ яхуищIащ концертым хэлIыфIыхьахэм, зи гуащIэ хэзылъхьахэм: концерт программэм и режиссерхэу КъЧР-м и цIыхубэ артист КIэдэкIуэй Артуррэ Унэгъэс Зэмрэтрэ, хормейстер - Даур Фатимэ, балетмейстерхэу –Адэмокъуэ Ахьмэдрэ Уэзрокъуэ Зурабрэ, концертыр пкъым изыгъэува «Нэмыс» театрым.















Музыкально-театр жанрым тету екIуэкIа концертым иджыри куэдрэ тепсэлъыхьынущ зэрырайону, мыбы къекIуэлIа хьэщIэхэри. Ди гугъэмкIэ, ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэм — накъыгъэм и 9-м цIыху нэхъыбэ абы еплъыфыну иджыри зэ утыкум кърахьэми къызэрымыкIуэу фIы хъунут.

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ.**
**Сурэтхэр**
**КИЛБЭ Светэ трихащ**

"Зауэм и сабийхэр" ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м хуэкIуэу



# Зауэм халъхуам и гукъэкIыжхэр

Зауэм халъхуа сабийхэм псоми я гъащIэр зэхуэдэкъым. Ауэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми фIэкIуэдащ и сабиигъуэ дахэр, ар и ныбэ изу шхакъым, абы и фэ изу зихуэпакъым. Пасэу балигъ хъуа нану цIыкIухэри зэрахузэфIэкIкIэ пэщIэтащ зауэмрэ абы къыщIэна гугъуехь къызэрымыкIуэхэмрэ. Абыхэми яхуэфащэщ пщIэ лейрэ гулъытэрэ. Зауэм хэмытами, ахэри лIыхъужьщ. Абы къыхэкIыу, налкъутналмэсым хуэдэу зэхудохьэсыж зауэм халъхуахэм я гукъэкIыжхэмрэ я адэ-анэхэм къыжыраIэжахэмрэ.

Зеикъуэдэс КЪАРДЭН Сэлихьрэ Хьэгъундыкъуей щыщ Булжат Гунэрэ я унагъуэм къихъухьа Илас цIыкIу мазищым ит къудейт Хэку зауэшхуэр щыщIидзам. Абы и адэр зауэм яшатэкъым, баш зыщIигъакъуэурэ зекIуэти. Ауэ ари Iуэхуншэу зэгуэрэми щытакъым, тракторым ирагъахъуэ гъэсыну щыт фэтыджэныр шыгукIэ, выгукIэ къахуришалIэт. Илас и адэмрэ и анэмрэ къыжраIэжахэр ещIэж езы дыдэм и нэкIэ илъэгъуам хуэдэу.

Къуажэ фызхэр, сабий цIынэ зиIэхэри яхэту, ягъэлэжьэну выгукIэ губгъуэм дашт. Выгум итт сабийхэр зыхэпха гущэхэри. Псоми я гъусэу губгъуэм дашт жьы дыдэ хъуа ПIапIшу Мацэ. Абы и къалэныр зыкIи нэхъ мащIэтэкъым икIи нэхъ мыхьэнэншэтэкъым, губгъуэм щылажьэхэм яйхэм нэхърэ. Ар ябгъэдэст зы щIыпIэм деж щызэхагъэува гущэхэм, якIэлъыплът сабийхэм. Абы къыбгъэдэлът хъыдан зэмыфэгъухэр зыфIэщIа башхэр. Дэтхэнэ бзылъхугъэми езым и плъыфэ иIэжт. Сабийм гъын зэрыщIидзэу фызым ар зи бын анэм и хъыдан плъыфэр зыфIэлъ башыр иIэтти сабийр зейм еджэт. Анэр къыхэкIт, и сабийр игъашхэти, зыхуэныкъуэ хуигъазэти хыхьэжт. Нэхъ такъыр хъуа сабий зекIуахэр, къызэрымыпщыфыну мащэшхуэм ирагъэтIысхьэти, ахэр зэдэджэгуу, зэзауэмэ зэкIужу, я зэш зэрытегъэууэ ист, зэманыр къэсу кърашыжыху. Абыхэми якIэлъыплът гущэхэм ябгъэдэсыр.

Абы къинэмыщIауэ Зеикъуэ щыщ фызхэр Удобнэ станицэм кIуэурэ хьэкъущыкъухэр нартыхукIэ къахъуэжти къэкIуэжт. «Удобнэ джабэжьыр» жэуэ уэрэди яусауэ жаIэжу щытащ… Къахъуэжа нартыхур Iэлъэныкъуэ щхьэл цIыкIукIэ яхьэжурэ, абы къыхэкIа хьэжыгъэм къыхащIыкIт мэжаджэ, хьэтыкъ, нартыху пIастэ… Абы къытрах хьэнтхъупсыр шэкIэ зэIыхамэ, шхыныгъуэ хэплъыхьауэ къалъытэт. Илас и анэм къыжриIэжа хъыбархэм ящыщ зым къызэрыхэщыжымкIэ, зэ фызхэр выгукIэ Удобнэ кIуат. Махуэр уэлбанэти, къыщыкIуэжым Фроловскэ и Iэгъуэблагъэм иIэ лъэмыжым (а лъэмыж цIыкIур нобэр къыздэсым телъу жеIэ Илас) псыр къыщIэуауэ къыщIэкIащ. ВыгукIэ укъытехьэныр шынагъуэт. Къахъуэжа нартыху тIэкIур лъэмыж цIыкIумкIэ къызэпрахащ, выгур зэпкърахри, Iыхьэ-Iыхьэурэ къызэпрахащ, выхэр къыщIатIыкIри псым къыхаутIыпщхьащ. Выгур зэпкъралъхьэжщ, псым къызэпрысыкIа выхэри щIащIэжри къэкIуэжат. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ апхуэдиз Iуэхур зи ныбэ изу мышхэ, гугъуехьхэм хэмыкI бзылъхугъэхэм я къару мащIэмкIэ уэлбанэ махуэм зэрагуэщIар. Мис апхуэдэу хьэзаб ятелъу псэуащ тылым щыIа фызхэр. Ар лIыхъужьыгъэкъэ?

ИтIани Къардэн Илас Iэджи игу къокIыж и анэм къыжриIэжауэ щытауэ. Нэмыцэхэр Инжыдж ЦIыкIу псыхъуэмкIэ щыдрекIуейм нэмыцитI я деж къыщIыхьауэ щытащ. «Гущэм сыкъыхахауэ, сагъэкIылу, сагъэдыхьэшхыу нэмыцэхэм саIыгъыу си анэр къыщIыхьэжат, гузэвэгъуэкIэ сакъыIэщIипхъуэтыжат…», — и анэм и гукъэкIыжхэр къеIуэтэж Илас.

НэгъуэщI сурэти и нэгум щIэтыжщ. Нэмыцэхэр ирахужу, Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэм къагъэзэжа нэужь, ахэр къыщыувыIат Иласхэ я гъунэгъум. А красноармейцхэр Иласхэ я деж къакIуэурэ, сабийхэм ядэджэгут, и анэм къырригъэша джэджьей цIыкIухэр къаубыдурэ зэпаплъыхьт. Зауэм зигу зэщигъэуа сабийхэр гуфIэн щхьэкIэ куэд хуей? Красноармейцхэм ахъшэ жыгъей кIэпIейкIэ гуэрхэр нанухэм къыхуашийуэрэ ягъэгуфIэт.

Зауэр щиухар Илас тэрэзу ицIыхужкъым, ар иджыри цIыкIу дыдэт. Ауэ къегубзыгъыж зауэнэужь илъэсхэр ерыскъыхэкIкIэ Iэслъэсу, гъаблэу зэрыщытар. ЗэрыжиIэжымкIэ, губгъуэм дэкIыурэ аму, амдэгурэ, мэракIуэ къапщIурэ яшхт, абыкIэ я мэжалIэр ирагъэкIт. Зеикъуэ дэкIыурэ зэ къапщIт, ар заготовителым иратти, къыщIэкIа ахъшэ мащIэмкIэ яшхын, щатIэгъэн гуэрхэр зэрагъэпэщт, зэреджэну тхылъхэр, зэрытхэну тетрадхэмрэ къалэмхэмрэ къащэхут. 1955 гъэм Къардэн Илас Зеикъуэ еджапIэм и классиблыр къиухащ. АдэкIэ Ботэщей ехыурэ еджэн хуейт. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ иIэтэкъыми, губгъуэм ихьэри, Iэхъуэу, мэлыхъуэу лэжьащ. ИужькIэ Зеикъуэ еджапIэм и унафэщI КIытIэ Алий къыжриIащ еджапIэр классий зэращIыжар. Илас шууэ губгъуэм къехыжурэ классийр къиухыжащ. ИужькIэ трактористу Эркин-Щыхьэр щеджащ. Сытми гугъуехь мащIэкъым зэпичар зауэм халъхуауэ щытам. Ари ди къэралым и тхыдэм зыщыдгъэгъупщэ мыхъун и зы пычыгъуэщ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

ЩIэплъыкIыныгъэхэр

↰1

# Черкесск къыпэщылъ Iуэхухэр

Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, апхуэдэщ Гагарин Юрий и цIэр зезыхьэ щэнхабзэ зыужьыныгъэ Купсэр, къалэ щэнхабзэ Дворецыр.

АдэкIэ пащэ цIыху 400-м ятегъэпсыхьауэ еханэ курыт еджапIэм хуащI псэуалъэм и ухуэныгъэр. Сабий миниплIым ятегъэпсыхьауэ капитальнэу зэрагъэзэхуэж е 6-нэ, е 17-нэ гимназиехэр.

Капитальнэу зэтрагъэпсыхьыж Черкесск къалэм и сабий поликлиникэри.

ХьэкъыпIэкIэ яухащ жылагъуэ щIыналъитIыр - «Зеленый остров» паркым и «Гуэл цIыкIумрэ» Красноармейскэ уэрамым тет аллеемрэ зэIузэпэщ щIыжыныр. Яублащ Покровскэ паркыр зэтегъэпсыхьыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэри.

Яухынущ ТекIуэныгъэм и паркымрэ ЩIыхь Аллеемрэ я мемориалу хъуар зэгъэзэхуэжыныр, зэтрагъэпсыхьыжынущ щIалэгъуалэм зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ хэлъхьэным зи Iуэхухэр хуэунэтIа «Авангард» купсэр. Капитальнэу зэрагъэзэхуэжа нэужь къызэIуахыжынущ Черкесск къалэм и е 3-нэ сабий IыгъыпIэр.

Темрезов Рэшид къалащхьэм и мэрым гу лъригъэтащ республикэ къалащхьэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа къалэдэсхэм ядэлэжьэным иIэ мыхьэнэми.

— Черкесск къалэм и тхыдэм хуэдабзэу абыхэм ятеухуа хъыбархэри хуэIуэтэн хуейщ къытщIэхъуэ щIэблэм. Мыхьэнэшхуэ иIэщ Хэку зауэшхуэм хэта цIыхуищым «Черкесск къалэм щIыхь зиIэ и гражданин» щIыхьыцIэр мы гъэм зэрыхуагъэфэщам, — гу лъиташ Темрезов Рэшид.

ЗэIущIэм къыпэкIуахэмкIэ, Темрезов Рэшид мэрым пщэрылъ щхьэхуэхэр хуищIащ Черкесск и юбилейр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ къалэм и комплекс социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ яхуэунэтIауэ.

— ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-р, цIыхухэмрэ республикэ къалащхьэм адэкIэ ягъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ – мыхьэнэшхуэ зиIэ а кIуэрабгъуищыр юбилей дауэдапщэ псоми я лъабжьэ хъун хуейщ. Абыхэм ялъытыжауэ щытынущ къалэм адэкIэ зэрызиужьынур, — жиIащ Темрезов Рэшид.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм уасэ иритащ ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м ехъулIэу паркым щекIуэкI лэжьыгъэм. УнафэщIхэр зэгъусэу щыIащ мы зэманым зэгъэзэхуэжыныгъэхэр здекIуэкI ТекIуэныгъэ паркым.

Жыджэру йокIуэкI зауэлI-хуиткъэщIыжакIуэм и фэеплъ сыныр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэри. Мы фэеплъ сыныр ищIат къалэм и архитектор, скульптор Маркин Василий.

— МафIэ мыужьыхыр, ЩIыхь Аллеем и мемориалхэмрэ фэеплъ сынхэмрэ – а псэуалъэхэр псори лъапIэщ къалэм дэс дэтхэнэмкIи, ди хэкуэгъу псомкIи. Фэеплъ сын нэхъыщхьэр зэфIэгъэувэжыныр ирагъэкIуэкI хуэсакъыурэ, абы зэрелэжь пкъыгъуэ нэхъыфIхэр къыщагъэсэбэпурэ, — фэеплъ сынхэр щызэпаплъыхьым жиIащ Темрезов Рэшид.

Черкесск щыщу Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкIуэдахэм, хъыбарыншэу кIуэдахэм ятеухуа нэгъуэщI мемориальнэ комплексыр архитектурнэу къагъэунэхунущ. Езы ЩIыхь Аллеем щагъэув уэздыгъэфIхэр, ТекIуэныгъэ паркым и утыр зэрыщыту тротуар плиткэщIэкIэ кърапкIыкIынущ.

КъагъэщIэрэщIэнущ паркым и ихьэпIэри – мыбдежым щагъэувынущ паркым и цIэр къэзыгъэлъагъуэ хьэрф цIухэр. Iуэху псори зэлъыщIагъыхьэнущ накъыгъэм и 9-м нэсыхун.

Абыхэм уасэ иратащ дунейм и япэ космонавт Гагарин Юрий и цIэр зезыхьэ щэнхабзэ зыужьыныгъэ Купсэр къызэIухыным зэрыхуэхьэзырым. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым и къэухьэм иту, 2024 гъэм а унэм и псэуалъэр капитальнэу зэрагъэзэхуэжащ, къагъэщIэрэщIэжащ и мылъку-техникэ лъапсэр, яузэдащ иджырей актовэ пэшыщIэрэ театр IэпщIэлъапщIагъэм и пэшрэ.

Адрей Iуэхухэм ящIыгъуу зэпэщ ящIащ паркым къекIуалIэ щIыпIэри – щхъуантIагъэхэр ягъэтIысащ, ягъэуващ иджырей зэрагъэунэху уэздыгъэхэмрэ архитектурэ теплъэ цIыкIухэмрэ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ, гъэсакIуэхэм, адэ-анэхэмрэ езы сабийхэмрэ я еплъыкIэри Iуэхум къыхалъытэкIэрэ.

**ПАЩIЭ Хьэдис**

Урысейпсо зэпеуэ

# «Псэ зыIут классикэ»

**ЕджакIуэхэм я IэпщIэлъапщIагъым здыхагъахъуэ республикэ институтым щекIуэкIащ ныбжьыщIэ усэеджэхэм я «Псэ зыIут классикэ» Урысейпсо зэпеуэм и хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэр. Мы Iуэху щхьэпэр къехьэжьэныр и жэрдэмщ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм.**

Зэпеуэм хэтащ республикэм и муниципальнэ къэхъугъэ 12-м къабгъэдэкIа, илъэс 11-17 ныбжьым крриубыдэ еджакIуэ 35-рэ. Сабийхэм я пщэ илъащ дакъикъи 4-кIэ сценэм къыщыпсэлъэным, я бзэрабзагъымрэ артистыным зэрыхуэщIамрэ къагъэлъэгъуэну.

Гъэунэхуныгъэхэм крикIуамкIэ: Усть-Жэгуэтэ къалэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм и е 6-нэ классым хэс Чочуевэ Раминэ; Черкесск къалэм дэт ебгъуанэ гимназием и е 9-нэ классым щеджэ Логвинов Александр, Псыжь къуажэм дэт езанэ гимназием и е 10-нэ классым хэс Хьэчыкъуэ Аминэ сымэ нэхъ гурыхуэрэ зэфIэкI ин зиIэхэу къалъытащ.

УвыпIищыр зылъысахэм хуагъэфэщащ ФIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр икIи хуитыныгъэ иратащ Кърым Республикэм и «Артек» Лъэпкъыбэ сабий купсэм мы гъэм и накъыгъэ мазэм щекIуэкIыну Урысейпсо зэпеуэм хэтынухэм хагъыхьэну.

Зэрызыщагъэпсэхунум къинэмыщIауэ, абыхэм лъэкIыныгъи яIэнущ актер IэпщIэлъапщIагъэмкIэ, псэлъэкIэ техникэхэмкIэ мастер-классхэм хэтынуи. Ахэр езыгъэкIуэкIынур балигъ мыхъуахэмкIэ литературэмрэ медиамрэкIэ IэщIагъэлIхэмрэщ, психологхэмрэ журналистхэмрэщ.

Зэпеуэм и лауреат хъуахэри ягъэбелджылащ. Абыхэм ящыщ хъуащ ди лъэпкъэгъу, Инжыджышхуэ еджапIэм и е 7-нэ классым щIэс Хьэкъун Асчэрбий.

**ЛЫХЬ Тимур**

ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м хуэкIуэу

# ТекIуэныгъэ Иным хуэусахэр




**Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщызыхьахэм я фэеплъыр зыгъэщыпкъэ, щIэблэр блэкIам хэзыгъэгъуазэ икIи зыущий Iуэхугъуэ дахэу щытащ тхьэмахуэ кIуам Къэрэшей-Черкесым и Къэрал Лъэпкъ библиотекэм щызэхэта пшыхьыр. Тхылъ хъумапIэм зы гъи дэмыкIыу и гулъытэр хуеунэтI хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэм литературэ, гъуазджэ я лъэныкъуэкIэ къахэкIа, зи цIэр жыжьэ зыгъэIуа нэрыбгэ щIыхьыбэхэм.**

Мэлыжьыхьым и 3-м библиотекэм и зэхуэсыпIэ пэшым кърихьэлIащ адыгэ лъэпкъым и фIыр, и дахэр утыку ихьэныр нобэ гъащIэ къалэн зыхуэхъуа цIыху IэпщIэлъапщIэхэр. «Фэеплъыми тхылъым псэ къыIуегъэкIэж» зыфIаща литературэ-макъамэ пшыхьым и лъабжьэу щытащ зауэр зэриухрэ илъэс 80 мы гъэм зэрырикъур гъэлъэпIэныр.

ГукъэкIыж гуапэхэмкIэ щызу щыта дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, Дунейпсо Адыгэ




Хасэм и вице-президент, республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, КъЧР-м тхыдэ-щэнхабзэмрэ щIыуэпсымрэкIэ и музей-къуэдмэзым иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI Жэгуэтэн Иринэ, КъЧР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Абхъаз АССР-м щIыхь зиIэ и артист Абдокъуэ Маталио, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым и унафэщI ЕмкIуж Андзор, театрым и лэжьакIуэхэр, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ зи пашэ журналист гупыр, СССР-м и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес педколледжым и студентхэр, республикэ къалащхьэм дэт курыт еджапIэхэм щIэсхэр, ахэр адыгэбзэмрэ литературэмрэкIэ езыгъаджэхэр.

Хэку зауэшхуэм и зэманым адыгэ лъэпкъым щыщу тылым хуэлэжьахэм ятеухуауэ щытащ Жэгуэтэн Иринэ игъэхьэзыра «Псоми зэгъусэу ТекIуэныгъэр къагъэгъунэгъуащ» доклад убгъуар.

— Тылым и лэжьакIуэхэм зауэм щыгъуэ къагъэлъэгъуащ я псэ емыблэжу, зытет гъуэгум зы мэскъалкIи бийм яхутемыкIыу, ящымышынэу зэрыщытар. Ахэращ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм япхыкIыу ТекIуэныгъэр къытхуэзылъэщар, я къару щымысхьыжу гугъу зыщрагъэхьащ заводхэм, совхозхэм, сымаджэщхэм, щIэныгъэ лабораторэхэм, фронтым щыIэхэр зыхуэныкъуэ псомкIи къызэрагъэпэщу. ЗэуапIэм итахэм ТекIуэныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэр, тылым яйм нэхърэ, зыкIи нэхъ лъахъшэу тхужыIэнукъым.

Апхуэдэ адыгэлI хахуэхэм ящыщ зым и цIэр къисIуэнщ. Ар гуащIэдэкI нагъыщэ зыбжанэм я кавалер, комбайнер-тракторист IэкIуэлъакIуэ тIощIым нэблагъэ зыгъэса инжыджышхуэдэс Мамбэт Алимщ. 1941 гъэм, къуажэм щыщу япэу фронтым ар щыIуагъэхьам, и ныбжьыр илъэс 41-м итт. Алим Мысырбий и къуэм къыхуагъэфэщащ «ГуащIэдэкI хахуагъэм папщIэ» медалитIымрэ «Хэку зауэшхуэм и тылым и лэжьакIуэм» медалымрэ.

Щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейт сэ сызыщалъхуа Хъумэрэ къуажэм. Мы жылэм щыщу зауэм хэта цIыху 227-м щыщу 57-м къагъэзэжыну я насып къихьакъым. Брест быдапIэр яхъумэкIэрэ фронтым IукIуэдащ ДыщэкI Рэшид, Дзэмыхь Исмэхьил сымэ. Сталинград зэхэуэм хэтащ Ещэр Iэубэчыр, Куэблхэ Хьэлымрэ Борисрэ. Хэкум и хъумакIуэхэм япIэкIэ къуажэ Iуэхухэр я пщэ къыдэхуащ ныбжьыфI итхэм, бзылъхугъэхэмрэ балигъыпIэ имыувахэмрэ, — къыхигъэщащ Жэгуэтэн Иринэ.

КъЧР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Думэныщ Лианэ пшыхьым щигъэзэщIащ «Не забывайте подвиг солдата!» уэрэдыр, адыгэ театрым и актерхэу Мамыжь Хьэзрэт, Шорэ Мэрянэ, КIэм Ася, Шыбзыхъуэ Щэмел сымэ къеджащ ди адыгэ тхакIуэусакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа зауэ усэ нэхъыфIхэм.

«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ лъэпкъ печать СМИ-м зауэм хэтахэм ятеухуауэ игъэкIуатэ лэжьыгъэшхуэм.

— Нобэ дызыхэт дауэдапщэм мыхьэнэ ин зэриIэр къыхэслъытэкIэрэ, сыкъытеувыIэну сыхуейт ди газетым Iута нэхъыжьыфIхэм ящыщу зауэм щыIа цIыху хахуэхэм, зи лIыхъужьыгъэр къэрал нагъыщэ лъагэхэмкIэ къыхагъэщахэм. Адыгэм къыхэкIа тхакIуэ-фронтовик щхьэмыгъазэхэр итащ зауэкIэ щызэхыхьэ щIыпIэ жыжьэхэм. Зэи тщыгъупщэнукъым дэ ахэр, икIи, сэ къызэрыслъытэмкIэ, абыхэм я фIыщIэшхуэ хэлъщ зауэр щекIуэкIа илъэсхэм лъэпкъ литературэм и пщIэр къэIэта зэрыхъуам. Ипэ махуэм щегъэжьауэ ахэр хуэлэжьащ фронтым, тылым щыIэхэм я гукъыдэж къэIэтыным, фIым хуэзыущий художественнэ псалъэкIэ цIыхубэм дэгуэшэным, — жиIащ Абидокъуэ Люсанэ.

Ди лъэпкъым и нэхъыжьыфIу къытхэт Абдокъуэ Маталио и адэм теухуа гукъэкIыж жыжьэхэмкIэ щигъэзэжым, пэшым щIэсауэ хъуар къигъэгумэщIащ, гу лъумытэну щыттэкъым абы къиIуэтэжым игу къызэрызэфIигъэзэрыхьам, IупщIу имыцIыхуж и адэр хуримыкъуу къызэрытэджар и макъым къыхэщт.

Маталио и адэр Сталинград и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зэхэуэхэм язым хэкIуэдащ 1942 гъэм, абы и гъащIэр щIитащ Хэкум и хуитыныгъэмрэ и пщэдеймрэ. ИлъэситI нэхъ темыкIыу и анэр абы щыкIэлъыкIуэжым, ар ипIыжыну къыхудэхуащ и адэмкIэ и нанэм.

«ТекIуэныгъэ Иным хуэусахэр» тхылъыр тегъэщIапIэ ящIри библиотекэм и лэжьакIуэхэм ягъэхьэзыращ Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэ-усакIуэхэм ятеухуа «Фэ фщыщ зыри тщыгъупщэнукъым!» зи фIэщыгъэцIэ видео нэтыныр, «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ напэкIуэцIхэм дриплъэжкIэрэ», «Адыгэ тхакIуэ-фронтовикхэр», «Абыхэм я сатырхэр — лъэпкъым и псэщ» жыхуиIэ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр.

Пшыхьым жыджэру зэрыхэтам папщIэ, Черкесск дэт е 9-нэ, е 16-нэ гимназиехэм адыгэбзэмрэ литературэмрэкIэ я егъэджакIуэхэу Щэнджатэ Маргаритэрэ Иуан Маринэрэ ФIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ.

Апхуэдэ къабзэу я цIэр ираIуащ усэ къеджэнымкIэ творческэ пшыхьыр зыгъэдэха еджакIуэ цIыкIухэм: Джатэжь Арсен, Гъуэщокъуэ Дамир, Щохъужь Лие, Хьэкъун Маликэ, Братхэ Данэ, ГъукIэ Миланэ сымэ.

**ЛЫХЬ Тимур**








ТхылъыщIэ






# «Си усэхэр зыхуэзгъэфащэр сэ фэращ»

УФ-м и тхакIуэхэм я Союзым хэт, Урысейми Къэрэшей-Черкесми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ди республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, КъЧР-м и Iэтащхьэм иухуа, гъуазджэмрэ литературэмрэкIэ и саугъэтым и лауреат, ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щIыхь щызиIэ и цIыху ШОРЭ Ахьмэд ЛутI и къуэм мы гъэм и IэдакъэщIэкI хъуа тхыгъэхэм хигъэхъуащ – «Я посвящаю вам свои стихи» зыфIища тхылъ цIыкIур Черкесск къалэм урысыбзэмкIэ къыщыдэкIащ.

Сборникым ихуащ Къэрэшей-Черкесым щыщ творческэ цIыхухэм, и хэку цIыкIум авторым ятриухуа усэхэр. Апхуэдэщ Бэчыжь Лейла, Дер Станислав, Мэкъуауэ Фатимэ, Абидокъуэ Люсанэ, Романенко Владимир, Хапчаев Сэлыхь, Тылик Людмилэ, Толкуновэ Валентинэ, авторым ипхъу Iэсят сымэ ятриухуахэри. КъинэмыщIауэ, Ахьмэд къызыдэкIа Хьэгъундыкъуей къуажэм, зыщыпсэу Черкесск къалэм, зэры-Кавказу яхуиусахэми тхылъ напэкIуэцIхэм зыщывгъэгъуэзэфынущ.

ЖыIэпхъэщи, тхылъыщIэм ихуащ «Мысли вслух» жыхуиIэ Iыхьэри. Абы щызэхуэхьэсащ Шорэм щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, жылагъуэ Iуэхузехьэхэм, журналистхэм, егъэджакIуэхэм къыхужаIэ псалъэ гуапэхэр. Тхылъым щIэджыкIакIуэр щигъэгъуазэу езы Ахьмэд итхащ абы Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщу ныбжьэгъу куэд зэриIэр. Ахэращ Шорэм и усэхэр адыгэбзэкIэ илъэс зэхуэмыдэхэм зытриухуауэ щытар. Иджы а усэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ дунейм къытехьащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Шорэ Ахьмэд 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Али-Бэрдыкъуэ къуажэм къыщыхъуащ. Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутыр къиухри, пенсэм кIуэху «Черкес хэку» газетым щылэжьащ, уеблэмэ и унафэщIым и къуэдзэуи щытащ. ИужькIэ республикэ тхылъ тедзапIэм и редактору лэжьащ, «Лэгъупыкъу» сабий журналым и къызэгъэпэщакIуэу, илъэс бжыгъэкIэ и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Шорэ Ахьмэд и авторщ урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ къыдэкIа тхылъ 20-м щIигъум. Абы и прозэр, усэхэр зытеухуар Ищхъэрэ Кавказым и IуэхущIакIуэ цIэрыIуэхэращ, къызыхэкIа лъэпкъымкIэ мыхьэнэ зиIэ темэхэращ, адыгэм къыхэкIа лIыхъужьхэращ, сабийхэм яхуитхари мащIэкъым.

Дохъуэхъу авторым и тхылъыщIэмкIэ икIи узыншагъэ быдэ иIэу лъэпкъым хуэщхьэпэн куэд иджыри и Iэдакъэ къыщIэкIыну Тхьэм жиIэ!

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**

Мэлыжьыхьым и 11-р — концлагерхэм исахэм я фэеплъ махуэщ

# ГущIэгъум и лIыхъужьыгъэр

**Тхыдэм уриплъэжмэ, зауэ, къэхъукъащIэ шынагъуэ куэд уи нэгу къыщIоувэж. Апхуэдэ гууз къэхъукъащIэхэм ящыщ мымащIэ XX лIыщIыгъуэм и япэ Iыхьэм къыздихьащ. Абы щыщщ ЕтIуанэ Дунейпсо зауэр. Абы цIыху гъащIэу «зэхихьэжам» къинэмыщIауэ, ар гукъинэж дэтхэнэми тщыхъуащ фашистхэм къызэрагъэпэщауэ щыта концлагерхэм я тхыдэ фIыцIэмкIи...**

Концлагерхэм арыххэу «ажалым и лагерь» фIэщыгъэцIэр иратауэ щытакъым. 1933-1945 гъэхэм къриубыдэу апхуэдэ лагерхэм къыщыхутащ къэрал 30-м щыщ цIыху мелуан 20-м щIигъу. Абыхэм ящыщу мелуан 12-м я ажалыр лагерхэм къыщагъуэтащ. Уи гур нэхъ зыхузыр аращи – абыхэм ящыщу етхуанэ къэс сабийт...

Ди къэралымкIэ мы фэеплъ махуэр ауэ махуэбжым къыхэгъэщхьэхукIа къудейкъым: а концлагерхэм икIуэда цIыху мелуани 5-рт СССР-м щыщт.

ООН-м игъэбелджыла мы фэеплъ махуэр къыщIыхахам и щхьэусыгъуэщ 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Бухенвальд концентрационнэ лагерым иса гъэрхэм зыкъаIэту зыхъумэ, дунейм щыIэ мыхъумыщIагъэр къазыщIылIэ фашистхэм я Iэщэхэр къыIэщIагъэкIыу зэрапэщIэувауэ щытар. Апщыгъуэм концлагерым и хъумакIуэу цIыху 200 гъэр ящIауэ щытащ. Бухенвальд исахэм я зыкъэIэтыныгъэм ахэр ажалым щихъумахэщ, сыту жыпIэмэ, абы ипэ къихуэу гитлер и властым унафэ къихьагъэххэт лагерым ис псори яукIын хуейуэ.

ЖыIэпхъэщи, холокост Iуэхугъуэ шынагъуэр, нацист гупсысэр здытепщэ Германием журтхэр гъэкIуэдыным теухуауэ иригъэкIуэкIа политикэр зылъэмыIэса къэрали лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым. Апхуэдэщ Хэку зауэшхуэр 1941 гъэм къыздежьауэ щыта ди къэралышхуэри.

ЗэрытщIэщи, фашистхэм журтхэр къагъуэтурэ сабии балигъи зэтраукIэт е концлагерхэм яхут. Абдеж абыхэм медицинэ, психологическэ экспериментхэр иращIылIэт, лэжьыгъэ хьэлъэ, узыншагъэмкIэ зэранышхуэ къэзыхьхэр ирагъэлэжьт. ИкIэм-икIэжым езырезыру мылIэр гупышхуэу зэхуахусти гъуэз камерэхэм щаукIыжт е нэгъуэщI гъэкIуэдыкIэ Iэмалхэр къыхуагупсыст...

Апхуэдэ къэкIуэн шынагъуэ къапэплъэт, Тхьэм ирещIи, Ленинград къалэр блокадэм щыдагъэувам абы щыпсэуа журтхэми. А пасэрей къалэжь дахэу иджы Санкт-Петербург фIэщыгъэцIэр зезыхьэм дэт Лъэпкъхэм я Унэм «Подвиг милосердия» фильмыр куэд щIакъым къызэрыщагъэлъагъуэрэ. Абы и режиссёрыр ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэ Нэгъаплъэ Асчэрбийщ.

Дауэдапщэр къызэрагъэпэщащ мы гъэм ди къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрилъэщрэ илъэс 80 зэрырикъум ипкъ иту.

«Подвиг милосердия» фильмым холокост, Ленинград къалэр блокадэм зэрита, адыгэхэм зэман шынагъуэм къакъуэкIа лIыгъэм епха темэхэр къетIэщI. Апхуэдэу Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм журтхэм ящыщ сабий бжыгъэ гитлеровцхэм щахъумащ.

Мы Iуэхугъуэм лIыгъэ щIыпылъар сыт: Хэку зауэшхуэ зэманым Ищхъэрэ Кавказым къизэрыгуа нэмыцэхэм журтхэр дэнэ дежи къыщалъыхъуэт ягъэкIуэдын мурадыр яIэу. Абы къыхэкIыу журт сабийхэр уи унагъуэм къуэ, пхъу пщIыуэ хэпшэныр шынагъуэ дыдэт. Фашистхэм ар къыщIагъэщамэ, журт сабийхэм къанэмыщIауэ, унагъуэ зыгъэпщкIуари ягъэкIуэдынут. Арами, адыгэхэм сыт щыгъуи яхэлъа цIыхугъэшхуэрат зэрыпсэури, сабийхэр утыкум къранакъым. Ахэр зытрагуашэри, унагъуэхэм, езым яйм хуэдэу, зыхашащ, адыгэцIэхэр, унагъуэцIэхэр иратащ...




Гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, Нэгъаплъэ Асчэрбий Санкт-Петербург дэс журт жылагъуэм къыбгъэдэкIа нагъыщэ къыхуагъэфэщащ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, мы фильмым ипэ къихуэу Нэгъаплъэм къигъэщIауэ щытащ «Бесленей. Право на жизнь» фильмри. Абы къыщыгъэлъэгъуэжащ Беслъэней къуажэм 1942 гъэм Ленинград къалэм щыщ журт сабий 32-р псэемыблэжу фашистхэм зэрыщахъумар.

Апщыгъуэм зы жэщым къриубыдэу колхоз хъызмэт тхылъым журт сабий псори адыгэу иратхауэ щытащ.

«Си адэ Володя Беслъэней къыщыщыхутам илъэс 13 и ныбжьт, – жеIэж Цей Фатимэ. – Абы и унагъуэцIэ дыдэр Ждановт. Ленинград блокадэм щихуам и анэр къелакъым, и адэми фронтым и псэр щитат. Зеиншэ хъуа сабийр гъаблэм ихьт, зэщIэбэгат. Цейхэ я унагъуэм щIалэ цIыкIур зрашэлIащ, ягъэсащ, щIэныгъи ирагъэгъуэтащ»...

Зауэ нэужьым Цей Владимир институтыр къиухри, инженеру лэжьащ, унагъуи иухуащ.

ЖыIэпхъэщи, зауэр иуха нэужь беслъэнейдэсхэм сабийхэм я адэ-анэ щыIэжмэ къалъыхъуащ, икIи зырызхэм я насып къиихьри, псэуэ къыщIэкIа я Iыхьлы дыдэхэр ягъуэтыжащ. Ауэ и нэхъыбэм адыгэ къуажэр унэ, Хэку яхуэхъуащ.

2010 гъэм скульптор КIэмрыгу Хьэтызэ адыгэ анэм и фэеплъ скульптурэ ищIри, Беслъэней къуажэм ар щагъэуващ. IэрыщIым къегъэлъагъуэ анэм хамэ сабийр зришалIэу бын зэрищIар.

Къыхэгъэщыпхъэщи, «Подвиг милосердия» фильмыр Москва къалэми щагъэлъэгъуагъэххэщ. Апщыгъуэми Нэгъаплъэм щIыхь, фIыщIэ тхылъ бжыгъэ къыхуагъэфэщауэ щытащ.

ЖыIэпхъэщи, фильмыр дунейм къытехьэнымкIэ къащхьэпащ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат.

«Мы фильмым и лIыхъужь хъуащ журт лъэпкъым щыщ балигъхэр, сабийхэр, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ я лъыр и щхьэусыгъуэу псэкIуэдыр зыхуагъэфэщахэр, ахэр къезыгъэлыну лIыгъэ къызыкъуэкIахэр. Апхуэдэщ Бергман Розэ и унагъуэр (Рахмановэ), иджыкIэ ар Израилым щопсэу. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Балъкъызхэ я унагъуэм кърагъэлауэ щытащ. Апхуэдэщ Мигиров Бориси, ар къезыгъэлауэ щыта Iэхъунхэ я унагъуэри. Апхуэдэщ Станковская Мареля, ар къезыгъэла Астэжьхэ я унагъуэр (Къэрэшей-Черкесым хыхьэ Хъумэрэн ЦIыкIу къуажэ). Апхуэдэщ Ленинград щыщ сабий 32-р, Беслъэней къуажэм щыпсэухэм ажалым кърагъэлахэри», — жиIащ гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту езы Нэгъаплъэм.

«Подвиг милосердия» фильмыр щагъэлъагъуэм залым щIэсахэм я нэхъыбэм я нэпсыр къафIекIуэт. ЦIыхум, сабийхэм яшэчар, ягъэвар зыхащIэт, сыт хуэдэ зэмани цIыхугъэ хабзэкIэ псэухэр зэрыщыIэми ягухэр игъэхуабэт.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

Прокуратурэм къикIыу

**Къэрэшей-Черкесым и Прокуратурэм «Iэнэ хъурей» зэпсэлъэныгъэ иригъэкIуэкIащ 2024 гъэм Iулъхьэ Iуэхум (коррупцэм) драгъэкIуэкIа бэнэныгъэм къыпэкIуахэм ятеухуауэ.**

# Iулъхьэ Iуэхум пэщIэтыныр

Зэпсэлъэныгъэм хэтащ «ЦIыхубэ фронтым» и хэгъуэгу къудамэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Жылагъуэ палатэм, Iулъхьэ Iуэхум пэщIэтынымкIэ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм и деж щылажьэ Управленэм, республикэм и хъыбарегъащIэ Iэмалхэм я лIыкIуэхэр.

Республикэм и Прокурорым Iулъхьэ Iуэхум пэщIэт хабзэ зэхэтыкIэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь Боташев Ратмир и къэпсэлъэныгъэ убгъуам къыщихьащ мы лэжьыгъэм ехьэлIа щапхъэ белджылыхэр.

Илъэс кIуам прокурорхэм сэтей къащIащ мы IэнатIэм къыщыхъуа хабзэкъутэныгъэ мини 2,7-м щIигъу. Ахэр къызэранэкIын мурадкIэ, мыарэзыныгъэ 600 къахьащ федеральнэ хабзэ зэхэтыкIэм къемызэгъ мардэ-правовой тхылъхэр гъэкIуэдыжыным хуэунэтIауэ, тхыгъэ 571-рэ щIалъхьащ, хьэкум пащхьэм иралъхьащ сом мин 269-м щIигъу и «уасэ» иск лъэIу 19. Iэдэб жэуаплыгъэм ирашэлIащ IэнатIэ зыIыгъ къулыкъущIэ 559-рэ, 3-р IуагъэкIыжащ дзыхь зэрыхуамыщIыжым къыхэкIыу.

Къэрал, муниципальнэ къулыкъущIэу щытахэр хабзэншагъэкIэ лэжьапIэ зэращтам къыхэкIыу, административнэ Iуэхуи 10 кърахьэжьащ. Абыхэм административнэ санкцэу тралъхьахэр сом мини 180-м щIигъуащ.

Прокурор щIэплъыкIыныгъэхэм къапэкIуэу кърахьэжьащ уголовнэ Iуэху 12.

Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ мардэ-правовой тхылъхэм Iулъхьэ къызыпэкIуэ гъэпсыкIэхэр къыхэгъэкъэбзыкIыжыным хуэунэтIауэ.

Мы зи гугъу тщIы пIалъэм къриубыдэу, хабзэхъумэ къулыкъухэм кърахьэжьащ Iулъхьэ кIуэрабгъу зиIэ уголовнэ Iуэхуи 137-рэ. Абыхэм ящыщу 52-р Iулъхьэ зэратам-зэращтам епхащ. Хьэкум пащхьэм иралъхьащ уголовнэ Iуэху 41-рэ.

Iулъхьэ Iуэхум пэщIэтыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм къытепсэлъыхьащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм Iулъхьэ Iуэхум пэщIэтынымкIэ щыIэ Управленэм и унафэщI Аджиев Абрек, къэпсэлъащ жылагъуэ утыкум и лIыкIуэхэри.

ЕкIуэкIа зэпсэлъэныгъэм къыпэкIуахэмкIэ белджылы ящIащ Iулъхьэ Iуэхум пэщIэтынымкIэ жылагъуэ утыкум хабзэхъумэхэр зэрадэлажьэ Iэмалхэр гъерэтыфIэ зэращIынур.

ЗэIущIэм и кIэм жэуап тегъэчынахэр ягъуэтащ къызэхуэсахэм къабгъэдэкIа упщIэхэм.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

Гулъытэ

# УгъурлыгъэкIэ гъэнщIа цIыкIухэр







**Аутизмыр зэрыщыIэм и хъыбарыр хэIущIыIу щIыным и Дунейпсо Махуэм Черкесск къалэм дэт коррекционнэ еджапIэм я сабийхэм папщIэ «Зажги синим» зыфIаща гуфIэгъуэ дауэдапщэр ирагъэкIуэкIащ.**

ЦIыкIухэм я махуэщIыр даIыгъыну къеблэгъащ Черкесск къалэ мэрием егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Магдэ Галинэ, егъэджакIуэхэр, сыт щыгъуи еджапIэм кърахьэжьэ Iуэхухэр къадэзыIыгъ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

— Ди сабий цIыкIухэ! Зыщывмыгъэгъупщэ, дэ, нэхъыжьхэр, сыт щыгъуи дызэрыфкъуэтыр. Сыт хуэдэ Iуэху фымылэжьми, ехъулIэныгъэ фимыIэми псори вдэтIыгъынущ, сытымкIи дывдэIэпыкъунущ. Сывохъуэхъу фыузыншэну, фи щIэныгъэм хэвгъэхъуэну, ехъулIэныгъэхэм фыхунэсыну! — сабийхэм захуигъэзащ Магдэ Галинэ.

Коррекционнэ еджапIэм я узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэ сабий 108-рэ щоджэ. Абы щыщу аутизм яIэщ сабий 44-м. Шэч хэлъкъым, сыт хуэдэ сабиигъуэри гуфIэгъуэрэ гуапагъэрэкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIын хуейм. Сабийхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным и мызакъуэу, еджапIэм и лэжьакIуэхэм гулъытэшхуэ хуащI абыхэм я гъащIэр нэхъ гъэщIэгъуэн щIыным, адрей сабийхэм емыгъэхъуэпсэным.

Мы махуэри абыхэм къызэрагъэпэщ нэгузыужь Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. ЦIыкIухэм ар зэрафIэгъэщIэгъуэнам шэч къытрыуигъыхьэтэкъым пэшым къыщIэIукI гуфIэгъуэ макъым и куэдагъым. Сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ Черкесск къалэм дэт е 2-нэ музыкальнэ еджапIэм и гъэсэн цIыкIухэм, къалэм дэт е 6-нэ еджапIэм и еджакIуэхэм. Езы еджапIэм и гъэсэнхэми хьэлэмэту зыкъагъэлъэгъуащ.

Псом нэхърэ сабийхэр нэхъ щыгуфIыкIащ а махуэм кърагъэблэгъа аниматорхэм — дыгъужьыжьымрэ тхьэкIумэкIыхьымрэ. Абыхэм ягъэджэгуащ, сабын тхъурымбэхэр ирагъэгъэпщащ дауэдапщэм хэтахэм.

ЕджапIэм и унафэщI Борисовэ Иринэ фIыщIэ яхуищIащ мыбдеж щрагъэкIуэкI махуэщIхэр яхуэзыгъэдахэ, гулъытэ хэха зыхуэныкъуэ сабийхэм я гукъыдэжыр къэIэтынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъу дэтхэнэми.

Зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, сабийхэр шхапIэм яшащ, Черкесск къалэм дэт щIакхъуэ IэфI зыгъажьэ IуэхущIапIэм къахуригъэша IэфIыкIэхэр ирагъэшхыну.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

МВД-м къикIыу

# ЛIыщIыгъуэ плIанэкIэ

**Балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ дзэ пакIэу, щIэпхъаджащIэ ныбжьыщIэхэр пIалъэкIэ здаIыгъ Купсэу Урысейм и МВД-м и бэзым хэтхэр къызэрагъэщIрэ мы гъэм илъэс 90 ирокъу.**

**КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и ЦIыхубэ Комиссархэм я Советымрэ я унафэкIэ, 1935 гъэм накъыгъэм и 31-м зэхагъэува дэфтэрыр лъабжьэ яхуэхъуащ сабий щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымрэ балигъыпIэ имыувахэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэкIэ къулыкъу хэхахэр къэгъэщIыным.**

Дзэ пакIэхэм хэтхэр махуэ къэсыхун ядоIэпыкъу гъащIэм щытыкIэ хьэлъэм иригъэува сабийхэм, адэ-анэм я гулъытэрэ гу хуабагърэ зимыIэхэм. Абыхэм я лэжьыгъэр ехьэлIащ балигъ мыхъуахэм ящыщу къэрал хабзэхэм тету псэун зымыдэхэр къыщIэгъэщыным, апхуэдэхэр щIэпхъаджагъэхэм ящыхъумэным, балигъ нэIэм щIэмыту, зеиншэу зыри уэрамым темыгъэтыным, социальнэу, психологическэу езыхэми я унагъуэм щыщхэми ялъыгъуэзэным.

Я махуэщIым ехъулIэу, КъЧР-м и МВД-м и пресс-къулыкъум зэпсэлъэныгъэ дригъэкIуэкIащ полицэм отставкэм щыс и капитан, хэгъуэгум и мылицэм и сабий пэшым къулыкъу хуэщIэным лIыщIыгъуэ плIанэ тезыухуа ПЕЧУРО Надеждэ.

Ветераныр къытепсэлъыхьащ мылицэм зэрыхыхьа хъуам, бгъэдыхьэкIэ къызыхуэгъуэтыгъуей, IэубыдыпIэншэ сабийхэм зэрадэлэжьам, и къалэн пажэу щытахэм, щIэтха унагъуэхэр къызэрыхущытам, ныбжьыщIэхэр щIэпхъаджагъэхэм хэшытIа щIэхъум и щхьэусыгъуэхэм, иджырей инспекторхэр апхуэдэ сабийхэм щадэлажьэкIэ къагъэщхьэпэмэ нэхъыфI Iэмалхэм, сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ ящыщу



гъуэгу захуэ техьэжауэ зыпэщIэхуахэм.

— ФщIэрэ, узэсэр сэгъей зэрыжаIэу, сэри хъарзынэу сыхэсыхьащ сызыщта къулыкъу мытыншым. Курыт еджапIэ нэужьым садэлэжьэн щIэздзащ пщыхьэщхьэ еджапIэм щIэс класс нэхъыжьхэм. А зэманым сызыIущIа, Iуэху зыдэсщIа нэрыбгэхэр къыхэтэджыкIащ жыIэдаIуагъэмрэ цIыхухэм я зэхуэдэ хуитыныгъэхэмрэ здытепщэ жылагъуэм, нэгум къыщIэгъэхьэгъуейт зыгуэр хабзэкIэ мыпсэууэ плъагъуныр. «Сабий гугъу» жыхуаIэхэр щыIэуи сщIэхххэтэкъым. Мылицэм сыхыхьауэщ зи унэ икIуэсыкI сабийхэм япэу сащыхуэзар. НэIэм щIэмыту къэхъур щыкуэдт СССР-м: Бакуи, Москваи, уеблэмэ Къэрэшей-Черкесми, — жеIэ Печуро Надеждэ.

Абы и гъащIэ псор къыгуэпх мыхъуну епхащ мылицэм. И къулыкъур Черкесск къалэм и Ленинэ уэрамым тет «Мылицэм и ныбжьэгъу ныбжьыщIэхэр» штабым пыщIэныгъэ быдэ хуиIэу лэжьащ. А гупым щхьэкIэ жиIэ зэпытт щIым щасэ жылапхъэм ещхьу, къулыкъу фащэ зыщыгъхэр фIыуэ ялъагъуу, ныбжьыщIэр сэбэп къэхьыным хущIэкъуу, нэхъ гуащIэмащIэу щытхэм, нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуу зэрагъасэр игу ирихьт. 1980 гъэм щрагъажьэри курыт еджапIэхэм штабым и къудамэхэр къыщызэIуах. Абдеж щIэблэр щагъэгъуазэ къулыкъум и тхыдэм, къыхуаулъэпхъэщ я щIэныгъэм нэхъри хэзыгъэхъуэн, зайзыгъэузэщIын зэпеуэ зэхуэмыдэхэр.

— Къулыкъу ехьэкIыным мыхьэнэшхуэ ирату гъэпсыныр я къалэн нэхъыщхьэхэм языхэзщ полицэм хэтхэм. Аращ КъЧР-м и МВД-м и ветеран организацэхэр мы IэщIагъэм и пщIэр къэIэтыным хуэгъэза дауэдапщэхэр жыджэру къыщIызэрагъэпэщыр. Дэ дахуокIуэ еджапIэхэм, мылицэм къыхэкIыжахэм хахуагъэу яхэлъам щыхьэт техъуэ хъыбархэм сабийхэр щIыдогъэдэIу, доущий.

Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым къулыкъум хыхьам МВД-м социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызэрыритыр: и улахуэр игъуэу кърат, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хуейр ирагъаджэ, медицинэм, пенсэм епха хуэIухуэщIэхэр гугъуехь хамыгъэту лъагъэс, — къулыкъу щIэным фIыуэ къыпэкIуэм и гугъу ещI ветераным.

Шэчыншэу, МВД-м иджы щылажьэхэмрэ отставкэм щысхэмрэ зэрызэдэIэпыкъум и фIыщIэкIэщ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, Хэкум и хьисэпхэр зыхъумэну пабгъэ къулыкъущIэ ныбжьыщIэхэр пщэдейм зэрыхуагъэхьэзырынур.

**КУМУКОВЭ Рамилэ,**
**КъЧР-м и МВД-м и пресс-къулыкъу**

Дызыгъэпlейтей

**Гъатхэм и хуэмэбжьымэр къэуауэ, махуэхэр нэхъ зэIубзрэ бзыгъэрэ къохъуж. Дыгъэм и бзий гуапэхэр къытхуэупсэу хьэлэлу щIылъэм къытредзэ, цIыхуи, псэущхьи, удзи, жыги... щIымахуэ нэужьым псоми къаруущIэрэ псэщIэрэ къапилъхьэжу. Губгъуэхэм удз щхъуантIэ фащэр зыщатIэгъэжащи, унагъуэхэри, хъызмэтхэри темыпыIэжу поплъэ Iэщыр губгъуэхэм, хъупIэхэм щыдахужыным.**

# Хэти къелъытар ищIэмэ...

Мис иджы дыхуэкIуащ дызыгъэпIейтей лъэныкъуэм. Ар зэхьэлIар автомобиль гъуэгухэм, гъуэгубгъухэм куэду щыплъагъу Iэщращ. Иужьрей зэманым гъуэгубгъухэм тет, гъуэгу дыдэми техьэ жэмхэм къинэмыщIауэ, шыхэр наIуэу нэхъыбэ хъуащ. Ахэр махуэкуми, пщыхьэщхьэми, пщэдджыжьыпэми гъуэгум щыплъагъунущ. Абы къыздехь цIыхумкIи езы IэщымкIи шынагъуэ зыпылъ щытыкIэхэр, зэжьэхэуэныгъэхэр къагъэхъу. Абыхэм хэкIуадэр зэранкIэ автомобиль гъуэгухэм къыщыхъур.

— Апхуэдэу псэущхьэр нэIэншэу гъуэгущхьэм зэрытетым и зэран зэкIыр абыхэм я закъуэкъым, атIэ цIыху гъащIэри здехь а щытыкIэм. Фи IэщымкIэ, псэущхьэмкIэ фэ жэуаплыгъэ фохь! Къэвмыгъанэ ахэр нэIэншэу! Рулым бгъэдэсхэми зэрахьэн хуейщ гъуэгу зэхэзекIуэ хабзэхэмрэ машинэр зэрызэрахуэ псынщIагъ мардэхэмрэ. АтIэ, псэущхьэмкIэ жэуаплыгъэ хьынымрэ цIыхум и шынагъуэншагъэм егупсысынымрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэпхащ. Шынагъуэншагъэмрэ цIыху гъащIэмрэ лъагэу флъытэ, пщIэ хуэфщI. ЦIыху дапщэ зи гъащIэр хэзылъхьар гъуэгум тет нэIэншэ Iэщым и ягъэкIэ, дапщэ иджыри хэкIуэдэн хуейр Iэщыр зейхэм ахэр я нэIэм бъдэу щIагъэувэн папщIэ?!



Iэщым и закъуэкъым, жагъуэ зэрыхъущи. Мызэ-мытIэу мы Iуэхум къуажэхэми щрипсэлъащ, власть, хабзэхъумэ къулыкъухэми унафэ тращIащ. Арами, Iуэхум зэрызихъуэжа щIагъуэ щыIэкъым, зихъуэжагъэххэкъым жумыIэнумэ. Абы и щыхьэтщ ГАИ-м къит бжыгъэхэмрэ хъыбар гущIыхьэхэмрэ.

Хуабжьу зэранышхуэ къахь гъуэгум щыхъуакIуэу тет шыхэм. Ахэр — икIуэт, къэгъазэ зимыIэщ, уеблэмэ зэуэ машинэм жьэхолъадэри, машинэ кIуэцIми къыщохутэ... Абы кърикIуэр гурыIуэгъуэщ: гуауэщ.

КъЧР-м и муфтий Эркенов хьэжы Мухьэммэд и унафэкIэ, районхэм я динырылажьэхэм жылагъуэхэм зыхуагъазэ икIи къыхураджэ я Iэщым нэIэ быдэ трагъэтыным, машинэ зэблэжыпIэхэм трамыгъэхьэным, я щхьи нэгъуэщI цIыхуми и гъащIэм, и узыншагъэм егупсысыным, зэран хуэмыхъуным.

Хьэбэз районым и раис-Iимамым и къуэдзэ ДыщэкI Марат республикэм щыпсэухэм, Iэщ зыIыгъхэм захуигъазэкIэрэ, къыхегъэщ иужьрей зэманым нэхъри нэхъыбэ хъуа щытыкIэ хьэлъэр: Iэщым я гъэ хьынымрэ цIыхум и шынагъуэншагъэм егупсысынымрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэпхащ. Шынагъуэншагъэмрэ цIыху гъащIэмрэ лъагэу флъытэ, пщIэ хуэфщI. ЦIыху дапщэ зи гъащIэр хэзылъхьар гъуэгум тет нэIэншэ Iэщым и ягъэкIэ, дапщэ иджыри хэкIуэдэн хуейр Iэщыр зейхэм ахэр я нэIэм быдэу щIагъэувэн папщIэ?!

КъурIэнми щыжеIэ: «КIуэдыпIэм фэрфэру зивмышэ, зывмыукIыж. ХьэкъыпIэкIэ, Аллыхьыр къыфхуэгущIэгъулыщ». «Лей зумыхыж, нэгъуэщIми лей йомых».

ИпэкIэ жылагъуэм, цIыхухэм зэрызахуэдгъэзар «чэнджэщ» жыхуиIэм хуэдэу щытамэ, дяпэкIэ мы Iуэхум нэхъ ткIийуэ дыпылъынущ, арыншэуи хъунукъым, — апхуэдэщ динырылажьэм и зыхуэгъэзэныгъэм и купщIэр.

Пыбдзыжын щымыIэу къытщохъу а псалъэхэм. Ди щхьэ дыхуэмысакъыжмэ, нэгъуэщIым ар къытхуищIэнукъым. Къинэмыщ Iауэ, жэуаплыгъэ хэти зыхигъэлъмэ, къару зэгъэуIуакIэ псори дыпылъмэ, апщыгъуэращ Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ щигъуэтынур.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

**Гъатхэпэм къыдоуш дунейри: псэущхьэхэр, хьэпщхупщхэр; къэкIыгъэхэм псы къащIолъадэ, я псэр къыпохьэж... Ауэ пхужыIэнукъым гъатхэм къыдэуш псоми ди гукъыдэжыр къаIэту. Апхуэдэщ зэран къэзыхь, уззехьэ хьэпщхупщхэр, мэлхьэпIатIэр (клещ). Апхуэдэу щыщыткIэ, абыхэм дазэрыпежьэн хуейр сакъыныгъэрэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмрэщ икIи абыкIэ чэнджэщэгъу къытхуохъу КъЧР-м и Роспотребнадзор Управленэр.**

ІэщIагъэлIым и псалъэ

# МэлхьэпIатIэм фыхуэсакъ

— Илъэс къэси, хуабэ къызэрыхъужу мэлхьэпIатIэри етэну хьэзырыпсщи, зигъэгувэкъым дунейм къытехьэнымкIэ. Мы гъэми апхуэдэщ. ХуабэфIурэ зэрекIуэкIар Iуэхум щхьэпащ икIи мэлхьэпIатIэм пасэу зыкъыдигъэщIащ. АтIэ, щIышылэм и 7-м республикэм щыщIатхагъэххэщ Черкесск деж цIыхум мэлхьэпIатIэр зэрыхуэлъар. АдэкIи апхуэдэ тхьэусыхэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм къыщIэупщIэ цIыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ мэхъу. Iуэхум псынщIэу зэрызихъуэжым къыхэкIыу, тхьэмахуэ къэс цIыхухэр щыдгъэгъуэзэнущ щытыкIэм, бжыгъэхэмкIэ дгъэнаIуэурэ, — жиIащ хэгъуэгу Роспотребнадзор Управленэм и пресс-секретарь Покровская Еленэ.

IэщIагъэрылажьэм и гузэвэгъуэр щхьэусыгъуэншэкъым. АтIэ, мэлхьэпIатIэр уз зэрыцIалэхэм я зехьакIуэщ, гуауэщхьэуэщ цIыхумкIи, IэщымкIи, унагъуэ псэущхьэхэмкIи. Абы зэхидзкъым сабий, балигъ жэуэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, сакъыныгъэ зыхэдгъэлъын, IэщIагъэлIхэм я чэнджэщхэм дыщIэдэIун, тщIапхъэр тцIыхун хуейщ.

Илъэсыр къызэрихьэрэ мэлхьэпIатIэр здэета, цIыхухэм здахуэлъа щIыпIэ зэхуэмыдэхэр къыщIагъэщащ. Апхуэдэщ Черкесск къалэр, Прикубан, Мало-Къэрэшей, Зеленчук, Абазэ, Адыгэ-Хьэблэ, Къэрэшей, Усть-Жэгуэтэ районхэр. Псори зэхэту пщIэнейрэ цIыхухэм я щIыфэм мэлхьэпIатIэм зыхиукIауэ къыщIагъэщащ. ЗэгъэпщэныгъэхэмкIэ уеплъмэ, нэгъабэ щыIа мэлхьэпIатIэ гузэвэгъуэ щытыкIэм мы гъэми кIэричынукъым.

— Илъэс кIуам медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу цIыху 481-м медикхэм зыхуагъэзащ, абы щыщу 187-р — сабийщ. 2025 гъэр къыдощтэри, зэрыщIидзам тепщIыхьмэ, жыпIэ хъунущ нэгъабэрей щытыкIэм зыкIи кIэрымыхуну, мэлхьэпIатIэр нэхъ мащIэ мыхъуну. Абы и щхьэусыгъуэщ щIымахуэр хуабэу зэрыщытар, губгъуэхэм, хъупIэхэм ит Iэщыр, псэущхьэхэр мэлхьэпIатIэм и «шхапIэ, тIысыпIэ» зэрыхъур, апхуэдэуи, узыр зэрагъэкуэшыр, — къыддогуашэ Покровская Еленэ.

Эпидемиологие щIэплъыкIыныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, мэлхьэпIатIэм зэрихьэ уз зэрыцIалэхэм ящыщщ: Крымскэ геморрогическэ техьэгъуэр (КГЛ), туляремиер, боррелиозыр, мэлхьэпIатIэ IэпапIэ техьэгъуэр, нэгъуэщIхэри. Уз къэхъеипIэ, мэлхьэпIатIэ тIысыпIэ нэхъ шынагъуэу къалъытэ Ставрополь крайм Къэрэшей-Черкесыр зэригъунэгъури Iуэхум хохьэжри, щытыкIэр нэхъри зэфIэзэрыхьыгъуэ мэхъу.

ЖыIэпхъэщи, республикэм щрагъэжьагъэххэщ мэлхьэпIатIэм зэрыпэщIэт профилактикэ Iуэхугъуэхэр. Абыхэм япкъ иткIэрэ, цIыхухэр куэду щызэхуэс, щIыуэпс тIысыпIэ-зыгъэпсэхупIэхэр, сабий зыгъэпсэхупIэ, лагерь Iэхэлъахэхэр, удзым и кIырыпIэхэр ягъэкъабзэ, йолэжь. Мэлыжьыхь-мэкъуауэгъуэ мазэхэм къриубыдэу акарициднэ лэжьыгъэхэр зэпымыууэ екIуэкIынущ.

Дауэ щымытми, щIыуэпсым дыщыкIуэкIэ, зыгъэпсэхугъуэ, дачэ, хадэ лэжьыгъэхэр щедгъэкIуэкIкIэ, мэлхьэпIатIэм зэрызыщытхъумэн Iэмалхэр зетхьэпхъэщ. Сыт хуэдэ ахэр, атIэ?

*Мэзхэм, мэз лъапэхэм, паркхэм, дачэхэм дыщыкIуэкIэ, Iэпэлъапэр щIэзыхъумэ щыгъынхэр щыттIагъэмэ нэхъыфIщ;

*мэлхьэпIатIэр Iузыгъэщтык I репелентхэр зыдэтIыгъыпхъэщ;

*щIыуэпсым дыкъыхэкIыжа нэужь, дэри, тщIыгъуахэри, псэущхьэхэри зэпытплъыхьын хуейщ набдзэгубдзаплъэу, щIыфэм, IэпкълъэпкъымкъыммэлхьэпIатIэм зыхиукIамэ къэтхутэн хьисэпкIэ;

*мэлхьэпIатIэр ди щIыфэм хэлъу къэтхутамэ, ар дэр-дэру къыхэтхыжыным дыпыкIмэ нэхъыфIщ. И фIыпIэр медицинэ IуэхущIапIэм зыхуэдгъэзэнращ;

— МэлхьэпIатIэм и етэгъуэ, и зэман дыдэщ. ЦIыхухэм зыщагъэгъупщи Iэпэдэгъэл ящIи хъунукъым абыхэм къыздахьынкIэ хъуну шынагъуэр, уз зэрыцIалэ къапыкIынкIэ зэрыхъунур. Псори къыхудоджэ сакъыну, набдзэгубдзаплъэу я щхьи, я унагъуэми, псэущхьэми хущытыну, — къыщIегъуж Покровская Еленэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

ГуащIэдэкI зэхущытыкIэхэр

# ЛэжьапIэ зэдэхьыным...

ЛэжьапIэ зэдэзыхьыну хуейхэм я Iуэхухэр дауэрэ ягъэпсыпхъэ? Сыт хуэдэ пыбзыкIыныгъэхэр щыIэ лэжьапIэ зэдэхьыным ипкъ иту? Сыт хуэдэ хуитыныгъэхэр яIэ лэжьапIэхэр зэдэзыхьхэм? А упщIэхэм жэуап къарет Къэрэшей-Черкесым и Къэрал гуащIэдэкI инспекцэм и унафэщIым и пщэрылъхэр пIалъэкIэ зыхь БИДЖИЕВ Руслан.

**— Сыт зищIысыр лэжьапIэ зэдэхьыныр?**

— Ар гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэм и къэухьхэм иту, ауэ лэжьапIэ нэхъыщхьэм къыщыдэхуэкIэ, игъэзащIэ, пщIэ зыщIат лэжьыгъэщ.

**— Мыбдежым лэжьэгъуэ зэманыр дауэ зэпэгуэша хъурэ?**

— Нэхъыщхьэм дахь лэжьыгъэр махуэм сыхьэти 4-м (лэжьэгъуэ махуи 5-м и махуэ ныкъуэ мардэм) щIигъу хъунукъым.

**— Сыт щыгъуэ махуэ псо лажьэ щыхъунур?**

— ЛэжьапщIэр ягъэгувэу лэжьыгъэ нэхъыщхьэр къыщызэтрагъэувыIэкIэ, лэжьыгъэ нэхъыщхьэм махуэ псо къыщыдэхуэкIэ, узыншагъэкIэ лажьэ мыхъуу лэжьакIуэр къыщыIуагъэкIкIэ, нэгъуэщI IэнатIэ ягъэкIуэн хуей щыхъукIэ, ауэ апхуэдэ IэнатIэр щыщымыIэкIэ, е езы лэжьакIуэр нэгъуэщI щIыпIэ ягъэкIуэну щыхуэмейкIэ.

**— Хэт лэжьапIэ зэдэзыхь мыхъунур?**

— Илъэс 18 мыхъуахэм. ЛэжьапIэ шынагъуэхэм гугъу зыщезыгъэхьхэм, дахьыну лэжьапIэри щытыкIэ шынагъуэхэм япхауэ щытмэ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэр транспортыр зегъэкIуэным зэрепхам хуэдэу абы дахьыну лэжьыгъэри транспортыр зегъэкIуэным епхамэ.

**— ЛэжьапIэ зэдэзыхьхэм отпуск и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ хуитыныгъэхэр яIэ?**

— ЛэжьапIэ нэхъыщхьэм хуэдэ къабзэу гъэ къэси кърат отпускыр, аванс отпуск — мази 6 мылэжьамэ. ЛэжьапщIэ къыщрамыт отпуск (зэдихь лэжьыгъэм къыщылъыс отпускыр лэжьапIэ нэхъыщхьэм деж нэхърэ пIалъэкIэ нэхъ мащIэмэ).

**— «Совместительство», «совмещение» мыхьэнэхэр дауэ зэщхьэщыкIрэ?**

— Совместительство: лэжьыгъэ лейр ягъэзащIэ IэнатIэ нэхъыщхьэм къыщыдэхуэкIэ. ГуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэ зэдащI. Ущылажьэ хъунущ а лэжьапIэт дыдэм дежи, нэгъуэщIым дежи.

Совмещение: лэжьыгъэ лейр а лэжьапIэт дыдэм деж щагъэзащIэ лэжьэгъуэ махуэм, ауэ абы щхьэкIэ пщIэ лей кърату. ГуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэ зэдащIкъым.

**Зыгъэхьэзырар**
**ПАЩIЭ Хьэдисщ**

Контракт къулыкъу




Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу,
Редколлегием хэтхэр:
Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2844 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ